



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 25 septanm 2014

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE POUSANTAJ KRIM KI PI BA DEPI DE DESENI**

***Done revele New York te atenn yon pousantaj kriminalite ki pi ba nan ane 2013 e lap kontinye diminye nan premye 6 mwa ane 2014***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York alatèt peyi a nan redwi alafwa nan pousantaj krim ak anprizonman pandan de dènye deseni ki sot pase yo, dapre yon [rechèch](#) ki te pibliye pa twò lontan de sa pa PEW Charitable Trusts. Etid la, baze sou enfòmasyon ki soti nan Biwo Statistik Jistis Federal ak FBI, montre pousantaj anprizonman New York te desann a 24 pousan depi 1994 e pousantaj krim lan te deklive de fason espektakilè egalman pandan menm peryòd la pa 54 pousan. Anplis, pousantaj krim nan New York pou ane 2013 te atenn nivo ki pi ba e li kontinye ap deklive pou premye sis mwa nan ane 2014 la.

“Avèk pousantaj krim ki pi ba depi 20 ane— ansanm avèk yon rediksyon nan kantite moun ki anprizone nan prizon eta yo—New York se yon vrè egzanp nan fason sekirite ak egalite kapab ko-egziste,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen fyè pou m wè Eta New York te atenn rezilta rekò sa yo, e administrasyon sa a pral kontinye travay nou pou fè New York vini kote ki gen plis sekirite posib pou viv, travay ak edike yon fanmi.”

Nan ane 1994 popilasyon prizon an nan New York te 66,750. Nan fen ane 2012, 54,865 te an detansyon nan prizon eta yo. Popilasyon prizon an te atenn yon rekò pou toutan de 72,649 nan 1999, men jodia li pi ba depi 25 ane, avèk 53,692 ki nan prizon — yon diminisyon 26 pousan.

Eta New York te egalman eksperimante yon diminisyon enpòtan nan kantite krim ke yo rapòte. De 1990 jiska 2012, eta te obsève yon diminisyon 62 pousan, kondwi pa yon 73 pousan diminisyon nan Vil New York. Nan ane 2012, Eta New York se te gwo eta ki te pi ansekirite nan peyi a, ak twazyèm eta ki pi ansekirite anjeneral, dèyè sèlman Idaho ak North Dakota, dapre enfòmasyon ki konpile pa Divizyon sèvis Jistis Kriminèl Eta.

[Rediksyon nan popilasyon prizon an](#) se antyèman akoz yon diminisyon nan kantite ofansè dwòg non-vyolan ki nan prizon. Kantite ofansè dwòg yo te deklive pa 70 pousan. Jodia, gen 6,834 ofansè dwòg ki te anprizon nan Eta New York, jan li konpare a tout peryòd elve a 23,511 nan 1996. Ofansè vyolan yo kounye konpoze preske de-tyè nan popilasyon prizon an.

Rediksyon dramatik nan angajman dwòg se te akoz arestasyon dwòg mwens krim, gwo refòm nan lwa sou dwòg te mande santans obligatwa pou ofansè dwòg yo, ansanm avèk ogmantasyon nan pwogram itilizasyon altènatif a anprizonman ak pwoblèm tribinal rezoud pou anpil ofansè.

Komisyonè pa entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Anthony J. Annucci te deklare, “Lefèt ke New York te anmezi pou redwi de fason enpòtan pousantaj anprizonman ak de fason enpòtan redwi krim sa remakab. Nou te prevwa ke nou te kapab fè sa, nou te fè l, e se yon bagay ki pou fè nou fyè.”

[Enfòmasyon preliminè](#) montre ke krim nan Eta New York te atenn yon nivo ki istorikman ba nan ane 2013, avèk 430,916 endis krim ki rapòte. Eta ak FBI te itilize sèt endis krim pou kontwole tandans krim anjeneral. Yo klase kat (4) krim endis kòm krim ki vyolan: ansasinay, kadejak avèk lafòs, vòl avèk zam, ak atak grav, epitou yo klase twa (3) krim kòm vòl byen: vòl avèk zam, vòl, ak vòl veyikil-a-motè. Chak kategori endis krim te deklive de 2012 a 2013.

Tandans nan diminisyon sa te kontinye atravè sis premye mwa nan ane 2014, e krim ki rapòte yo te diminye de 5.5 pousan jan li konpare a janvyè jiska Jen 2013. Siksè Eta New York nan redwi krim pa kapab atribye a okenn pwogram an patikilye oswa inisyativ, men pito, li se rezilta efò kolektif pwofesyonèl jistis kriminèl ak desidè yo nan tout nivo nan gouvènman.

Komisyonè Egzekitif Adjwen Sèvis Jistis Divizyon Kriminèl Michael C. Green te deklare, “Misyon Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl se pou amelyore sekirite piblik ak amelyore jistis kriminèl. Gason ak fi kap travay isit la gen gwo fyète nan wòl yap jwe pou sipòte efò pwofesyonèl jistis kriminèl yo ki an premye plan nan efò eta pou sibler, redwi ak prevni krim. Mwen aplodi yo pou travay yo e mwen konplimante patnè lokal nou yo – apati lapolis ak komisè, asistan sherif ak ofisye pwobasyon a pèsònèl pwogram altènatif a anprizonman– pou wòl enpòtan chak ladan yo jwe nan ede Eta New York reyalize, ak kenbe rezilta enpresyonan sa yo.”

Depi li te antre nan administrasyon an nan 2011, Gouvènè Cuomo te pran mezi pou fè Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè vin pi efikas nan vag deklive dramatik sa yo, retire 5,519 kabann prizon, fèmèn prizon ki pa itilize, e fè kontribyab New York yo ekonomize yon estimasyon \$162 milyon dola chak ane.

“Prizon ak Krim: Yon lyen konplèks” analize pousantaj anprizonman ak pousantaj krim nan tout peyi a de 1994 jiska 2012. Pandan ke Eta New York alatèt nan peyi a nan redwi pousantaj sa yo, li pa poukont li: etid la egalman note ke diminisyon nan pousantaj krim te pi elve nan eta yo ki te egalman redwi pousantaj anprizonman yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE